



Pou Piblikasyon Imedya: 29/10/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO, RABEN ANGELA BUCHDAHL ANSANM AK YON GWO
REPREZANTASYON LIDÈ RELIJYE NEW YORK YO AP REJWENN NAN
VÈY PRIYÈ ENTÈRELIJYE, YO LANSE APÈL POU LAPÈ AK SIVILITE**

***Aprè Atak Mòtèl sa a sou Kominote Jwif lan nan Istwa Etazini, Central
Synagogue ap resevwa Gouvènè a ak lidè Entèrelijye New York yo ki
gen pami yo Kadinal Dolan, Reveran Amy Butler,
Pastè Amandus Derr, Raben Chaim Steinmetz***

Klèje Central Synagogue lan, ansanm ak Kadinal Dolan ak yon gwo reprezantasyon lidè relijye New York yo, pral òganize yon Vèy Priyè Entèrelijye ak Gouvènè Andrew Cuomo, nan Madi 30 Oktòb a 8:15 PM. Nou rasanble ansanm an solidarite apre yon semèn krim rayisab vyolan, ki gen ladan atak mòtèl yo sou kominote Jwif lan nan istwa Etazini. Sèvis lan pral rasanble ansanm manm entèrelijye yo ki soti toupatou nan Eta a ki pral rasanble pou onore viktim atak yo epi rejwenn Gouvènè Cuomo nan apèl li lanse pou lapè ak sivilite a.

“Semèn pase an te efreyan epi atwòs sou yon nivo ki bazik anpil, men moun New York yo kanpe ansanm pi djanm ke jamè”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nan New York, nou konnen ke divèsite nou se pi gwo fòs nou epi nou rejte layèn, kòlè ak divizyon ki ap konvèti an vyolans. Nan moman fènwa sa a nou ap rasanble ansanm pou ka raple tout moun New York yo ke kèlkeswa relijyon, ras oswa kwayans ou, nou se youn epi nou pa ka divize. Mwen pral fè tout sa ki nan pouvwa mwen pou asire ke enstitisyon relijye nou yo pral vin san vyolans ak entolerans.”

“Nou devaste pa zak rayisab ak anti-semit vyolan sa a”, **se sa Raben Angela Buchdahl te deklare.** “Sa se pa kilès nou ye kòm moun ki gen lafwa oswa kòm Ameriken. Li patikilyèman enpòtan pou nou rasanble ansanm nan moman tankou sa yo kèlkeswa kwayans ak ras nou pou ka geri divizyon ak polarizasyon nasyon nou an. Nou onore dèske Gouvènè nou an pral kanpe bò kote nou nan apèl pou Inite sa a.”

Pòt yo pral ouvri a 7:45 PM epi sèvis lan pral kòmanse a 8:15 PM nan Central's Sanctuary ki nan 652 Lexington Avenue.

Nan Dimanch, Gouvènè Cuomo [te bay enstwiksyon](#) pou ke drapo yo nan tout batiman gouvènman leta yo flote a demi-ma kòmanse apati Lendi 29 Oktòb jiska lè solèy la kouche nan Dimanch 4 Novanm, an memwa viktim fiziyad yo ki te rive nan sinagòg

Tree of Life Synagogue ki nan Pittsburgh ak nan yon sipèmache ki nan Jeffersontown, Kentucky. Gouvènè a te lanse tou yon apèl pou lapè ak sivilite apre yon semèn atak òrib ak tantativ bonbademan.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)